# Нæ рæсугъд мадæлон æвзаг.

Темæ: Литературон-музыкалон изæр.
«Нæ рæсугъд мадæлон æвзаг».

Нысан: 1. Скъоладзаутæн бамбарын кæнын мадæлон æвзаджы ахадындзинад царды.
2. Ахуыргæнинæгты зæрдæты райхъал кæнын мадæлон æвзагмæ уарзондзинад, аудындзинад æмæ йæ сомбоныл хъуыды кæнын.
3. Зонын æмæ аргъ кæнын æвзагзонынады ахуыргæндты, фысджыты, поэтты.

Эпиграф: Ирон æвзагыл равдисæн ис тæккæ уæздандæр, арфдæр æмæ тыхджындæр хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ. Уыцы хорз æууæлтæй хайджы цы æвзаг уа, уымæн мæлæн нæй» ( Плиты Грис).

Ирон æвзаг, ирон фарн. Ирон æвзаг нæ фæхицæн кæнын нæ уадзы, сæрыстыр кæмæй стæм, уыцы историйæ. Нæ ирон фарны ис нæ удыхъæды адæймагдзинад æмæ нæ рæстдзинад. Ирон æгъдау нæ бæтты кæрæдзиуыл, ирон æгъдæутты бындуртæ сты нæ рагфыдæлты ариаг дины, Заратустра кæй бабæстон кодта, уым.
Раздæр адæм хъуыды кодтой зæхх – лæууы æртæ пылыл. Зæхх нæ, нæ ирондзинад лæууы æртæ пылыл: ирон æвзаг, ирон фарн, ирон æгъдау.

Фыдыбæстæ… Ныййарæг зæхх… Мадæлон æвзаг! Фыдæлтæй нын цы стыр хæзнатæ баззад, уыдон. Куыд адджын æмæ кыд хæстæг сты зæрдæмæ ацы ныхæстæ! Цыдæр хъармдзинад бауадзынц адæймаджы буары, цæстытыл ауайынц бæрзонд хæхтæ, дидинæгджын фæзтæ, хæл-хæлгæнаг дæтты уынæр, цъиуты зард. Уый Ирыстоны алæмæты æрдз. Уый Иры зæххыл хъуысынц нæ рæсугъд ирон æвзаджы мыртæ.

Зарæг: «Мæ Ирыстон».(Слайдтæ).



# Северная Осетия Алания



http://mmdocent.tourbina.ru


Расфокус



St.George's Church in Vladikavkaz

www.ossetians.com



Хъæздыг æмæ æвидигæ у мадæлон æвзаг ирон адæмæн. Мадæлон æвзаджы ахадгæ къæбицæй айдæнау зынынц адæмы æппæт культурæ æд цин, æд маст, къуыхцытæ æмæ æнтыстытимæ. Ныййарæджы номимæ баст у алы адæмон æвзаг дæр. Ирон адæм æй хуымæтæджы йæ номæй нæ рахуыдтой. Уымæй йæ базонæм, æппæты фыццаг уымæй фехъусæм йæ зæлланггæнаг мырты зард. Уый фæрцы сын банкъарæм сæ тых, сæ намыс.

Æмдзæвгæ: «Мадæлон æвзаг».

*Иронау дзурут!*

*Иры адæм,ирон æвзаг сызгъæрин у!*



Нæй æрмæст номæй Ирон — Уарз дæ бæстæ, де 'взаг зон!



1899 азы, 15 майы Ирыстоныл æрцыд стыр хорздзинад – мыхуыры рацыд нæ уарзон поэт – Хетæгкаты Къостайы æнæмæлгæ чиныг «Ирон фæндыр». Сæдæ азы фæстæ та – 1999 азы нæ республикæйы президент Дзасохты Алыксандр рауагъта Указ, 15 май куыд суа- ирон æвзаг æмæ литературæйы бæрæгбон.







КОСТА.

# ІРОН ФÆНДѴР.

ЗÆРДÆІ САҔÆСТÆ.

ЗАРДЖѴТÆ, КАДДЖѴТÆ

æмæ

ÆМБІСÆНДТÆ,

ФУНДАМЕНТАЛЬНАЯ БИБЛИОТЕКА СОГПИ № 100339
№ 2707 СОГПИ Кабинет Осет. Языкозн.

ВЛАДИКАВКАЗЪ.
Типо-Литографія З. Н. Шувалова.
1899.





Уалдзæг нæм фарны къах куы æрбавæры, уæд Ирыстоны дзыллæтæ 15 майы кадджын уавæры сбæрæг кæнынц- Ирон æвзаджы бæрæгбон. Цалынмæ адæм нæ фесæфта йе взаг, уæдмæ йæ фарн цæры. Йæхи æцæг ирон чи хоны, йе взаг стыр хæзнайыл чи ныммайы. Йæ сыгъдæгдзинадыл тох чи кæны, цытджын Къоста фидар бындур кæмæн сæвæрдта, уыцы æвзаг æмæ литературæ никуы фесæфдзæн.

Сты зондæн уацхæссæг æппæт дунейы æвзæгтæ
Нæ дзы æвзарын хæстæг æмæ дæрддаг.
Фæлæ ныххойыс зæрдæйы къæсæртæ,
Æрмæстдæр ды- нæ мадæлон æвзаг!

Æмдзæвгæ: «Ирон æвзаг».


КÆД ДÆ ИРОН
УÆД ДЕ ‘ВЗАГ ЗОН !

Абон бæрæг кæнæм ирон æвзаджы бæрæгбон.
Уæдæ цавæр бæрæгбон фидауы æнæ фæндырæй,
æнæ зарæгæй.

Æмдзæвгæ: «Фæндыр- фыдæлты хæзна».
Видеоклип.

Зарæг: «Æз ирон чызг дæн». (Слайдтæ).







Æвзаг у царды ахсджиагдæр фæрæз, нæ ирон адæмы иузæрдиондзинады æвдисæн, райгуырæн бæстæмæ нæ зæрдæйы цин, нæ уарзондзинады æвдисæн. Мадæлон æвзаг! Цас рæсугъд æмæ аив хъуыдытæ сæвзæрын кæны адæймаджы зæрдæйы. Куыд зынаргъ у. Цы диссаг у йæ ахадындзинад. Адæймаг æцæгæлон ран куы фехъусы йæ мадæлон æвзагыл ныхас, уæд ыл цыма æнтæф бон сатæг дымгæ сæмбæлд, цама йыл ныййарæг мад баузæлыд, уыйау æхсызгон вæййы. Æвзаг у не стырдæр аудинаг нæ нацийы историон æмæ ирон адæмы культурон хæзна.

Æмдзæвгæ: « Нæ рæсугъд мадæлон æвзаг».


Æз
ирон æвзаг

Ирон æвзагыл цæрæнбонты фыстой æмæ фысдзысты сæ зæрдæйы æнкъарæнтæ фысджытæ æмæ поэттæ. Уыдоны æмрæнхъ лæууынц æвзагзонынады ахуыргæндтæ. Ирон æвзагыл бирæ бакуыста академик Андрей Шегрен. Цард 1794-1855 азты. Шегрен дыууæ азы фæцар Ирыстоны. Æмæ сахуыр кодта ирон æвзаджы диалекттæ Сæрдæй-зымæгæй зылди ирон хъæутыл, ахуыр кодта ирон адæмы истори æмæм æвзаг. Ныффыста чиныг «Ирон грамматикæ».



Ирон æвзаг æмæ культурæйы рæзтыл ноджы фылдæр хæрзты байыд академик Всеволод Миллер. Цард 1848-1925 азты. Фыццаг хатт Ирыстонмæ сæфтыд 1979 азы хæрз æрыгонæй. Уæдæй фæстæмæ Ирыстоныл фæзылд цыппар сæрды дæргъы. Ирон адæмы цардыуаг Миллеры зæрдæмæ ноджы тынгдæр бахызт. Не взагимæ ахуыр кодта фольклор, этнографи, археологи. Истори. Тынг хорз базыдта ирон æвзаг æмæ æнцонæй дзырдта ирон куырыхон хистæртимæ, лæмбынæг хъуыста кадджытæм, аргъæуттæм. æмбисæндтæм.



Фрацузаг стыр ахуыргонд Жорж Дюмезиль Ирыстоны зæххыл никуы рлæууыд, фæлæ быиндуронæй сахуыр кодта кавказаг адæмты филологи, уыдонимæ туркаг ирæтты æвзаг, истори æмæ адæмы сфæлдыстад, уæлдайдæр та нарты кадджытæ. Нарты кадджыты кæд ахуыргæндты иу къорд нымайынц Кавказы адæмты иумæйаг сфæлдыстадыл , уæд Жорж Дюмезиль загъта: « Уыцы диссаг дзырддаг нæу. Уымæн нæу, æмæ æвзаг æмæ фольклорæй ирæттæ индоевропейаг адæмты традицитæ бахъахъхъæныгмæ.



Абайты Васо уыд стыр ирон ахуыргонд, лингвист. Райгуырд 1900 азы хæххон хъæу Къобы, Арвыкомы фæндаджы был. 1925 азы каст фæци Ленинграды университет. Уæдæй фæстæмæ куыста æвзагзонынады æмæ ахуыры алы къабæзты. Раиртæста бирæ ахсджиаг æмæ вазыгджын фарстатæ. Йæ куыстытæй уæлдай ахадгæ дæр сты6 «Ирон æвзаг æмæ фольклор», «Нарты эпос», «Уырыссаг ирон дзырдуат», «Ирон æвзаджы историон-этимологон дзырдуат». Васойы зонынц алы бæстæты дæр æмæ йын стыр аргъ кæнынц йæ зонадон куысты тыххæй. Абайты Васо нымад у ирон æмæ ирайнаг æвзагзонынады тæккæ зындгонддæр æвзагиртасæгыл.



Ирон удыхъæдæй уынгæг хæхты цъассытæй бирæ дарддæрмæ чи касти æмæ нæ фидæн чи уыдта, ахæм куырыхонтæ уыдысты: Æгъуызаты Иуане, Хъаныхъуаты Инал, Хетæгкаты Къоста. Гæдиаты Секъа, Дзасохты Гиго, Гæдиаты Цомахъ, Нигер æмæ бирæ æндæртæ. Мах абон ныллæг кувæм нæ сæртæй, не взаг абон кæй руаджы зæлы, нæ  уыцы разагъды лæгтæн.

Зарæг: «Ирон дзырд».

# ИРОН ДЗЫРД

Дæ зæрдæйы бынæй цы бæстæйы уарзыс,
Гъе уый у дæ хъысмæт, дæ ном.
Ирон дзырд у махæн нæ фыдæлты намыс,
Ирон дзырд — нæ Иры цæсгом.

Æз балбæлас федтон æрвдидинæг калгæ,
Уый ног чындзау дардмæ зындис.
Æхсызгон рухс уагъта сызгъæринау арвмæ,—
Гъе уый кæд ирон дзырд уыдис.

Ирон дзырд, мæ хуртæ, æнусты цæргæс у,
Цæй рагæй йæ агуырдтон æз!
Ирон дзырд, ирон дзырд... Уый мады æнгæс у.
Ирон дзырд — Хуыцауы хъæлæс.

Ирон дзырд у хурдзæсгом, зæххыл нæ цуды,
У арв та йæ базырты бар.
Уый уалдзыгон бонау йæ мидбылты худы,
Уый гом кæны зæрдæйы дуар.

Дæ зæрдæйы бынæй цы бæстæйы уарзыс,
Гъе уый у дæ хъысмæт, дæ ном.
Ирон дзырд у махæн нæ фыдæлты намыс,
Ирон дзырд — нæ Иры цæсгом.

Ахсджиаг у мадæлон æвзаг, хъуамæ алы ирон адæймаг дæр зона йæ мадæлон æвзаг. Уый афтæ куы нæ уаиæ, уæд мах абон куыд хъусиккам, æмбариккам ирон адæмы уарзон фырт, нæ сæрхъуызой- Хетæгкаты Къостайы уацмыстæ?

Æвæдза ирон адæм тынг амондджын сты , уымæн æмæ нын ис æмбисонды тырыса – Къоста.

Къоста скадджын кодта ирон адæмы ном, сыгъзæрин дамгъæтæй йæ ныффыста Кады тырысайыл. Махæй æнамонддæр уæд нæ уыдзæн æмæ искуы тырыса дæлæмæ куы руадзæм.

Æмдзæвгæ: «Нæ Иры намыс». (Слайдтæ Къостайы къамтæ).


Кæд дæ ирон,
уæд де 'взаг зон!



Алы æвзаджы хъысмæт дæр аразгæ у йæ адæмæй. Уыдон сты йæ сафæг дæр æмæ йæ аразæг дæр.

Видеоклип: Кæд дæхи хоныс ирон, уæ дæ мадæлон æвзаг зон».

Мах хъуамæ бахъахъхъæнæм цæсты гагуыйау нæ фыдæлты хæзна – нæ мадæлон æвзаг, уæм сæрыстыр нæ Ирыстонæй, не гъдау, нæ адæмæй.

Æмдзæвгæ: « Ирон æвзаг».

# ДЗУРУТ
# Н Æ
# ФЫДÆЛТЫ
# ÆВЗАГЫЛ.




ИРОНАУ ДЗУР

Фæлæ, хъыгагæн, бирæтæ ирон æвзаг сæ сæрмæ нал хæссынц. Уыдон сты æнæфенд, цыбыр зонды хицау. Йе взагыл былысчъил чи кæны, уымæй хорз адæймаг никуы рауайдзæн., уымæ хорз фидæн не нхъæлмæ кæсы, мæнæ бæласыл бадгæйæ, къалиу йæ быны, чи лыг кæны, уый хуызæн.

Æмдзæвгæтæ; «Уайдзæф».

« Не взаг – нæ хæзна».

« Сагъæс».

Сценкæ.

Абон мах куыд бамбæрстам, афтæмæй « Ирон лæг хъуамæ баззайа иронæй». Афтæ фыста Айларты Михал. Афтæ хъуамæ хъуыды кæна алы æцæг ирон дæр.

Æмдзæвгæ: «Ирон лæг хъуамæ баззайа иронæй».

Видеоклип: «Хистæрты ныстуан».

Уæдæ не взаджы хъысмæт аразгæ у не ппæтæй дæр æмæ йыл хъуамæ иумæ зæрдиагæй кусæм.
Уарзæм нæ мадæлон æвзаг, мадæй зынаргъдæр нæй, мады руаджы базонæм, цы взагыл дзурæм, уый æмæ йын кад кæнын хъæуы цæрæнбонты.

Æппæт архайджытæ дæр рацыдысты æмæ иумæ дзурынц радгай куплетгай ирон æвзаджы тыххæй.

О, ме сфæлдисæг, стыр Хуыцау!
Æз арфæгонд фæдæн дæуæй-
Кæй мæ раттай зæххыл ИРОНЁЙ.



Дзурут иронау